



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Marie Marcelle Buteau RACINE – Yon zanmi

Se moun mwen rekonèt depi nou te timoun piti, li menm ak ti sè li, France BUTEAU. Li pi jèn pase m, se sèlman twa (3) lane ki separe nou. Mwen gen bèl souvni jwèt lago kache sou Plas Sen Pyè, Petyonvil, mwen sonje. Pita, nan klas sekondè mwen sonje yo Kay Mè Lali.

Nou tou de (2) pran ekzil ak fanmi nou ; li menm an 1963, mwen menm an 1965. Nan ane 80 yo, nou rankontre nan kad travay militan ekzile nou t ap fè pou Ayiti. Marie Marcelle envite m patisipe nan yon rankont CHIDAS, yon sant kominotè ayisyen Wachintonn. Powèt Morisseau Leroy te la tou.

Men se an 1986 lè m rantrè Ayiti, apre yon egzil 21 lane, m pral wè Marie Marcelle sou teren an ak (Ofis Nasyonal Patisipasyon ak Edikasyon Popilè) sou koze alfabetizasyon. Mwen t ap mennen yon misyon pou n al obsève kijan fòmasyon ki te nan semèn ONPEP yo t ap travay sou teren an. Marie Marcelle ki te gwo espesyalis nan koze lang kreyòl sa, ensiste jiskaske li akonpaye nou.

Doktè Marie Marcelle, pwofesè Inivèsite Wachintonn monte machin avè n sou move wout, jouk rive Rankit. Li obsève, li pran nòt. Lè fini, nou dòmi Piyon pou n pran wout tounen. Douvanjou, 4è nan maten, nou bwè yon akasan cho nan mache Piyon. M pa ka bliye moman sa a. Nou te nan kè peyi a, nou te sou teren an, ap fè sa nou t ap pare pou n fè depi konbyen tan nan egzil. Edikasyon Popilè ak Alfabetizasyon anndan peyi Ayiti se sa ki te ini nou. Nou pa rankontre souvan, men lè sa te rive, se te toujou yon moman echanj ak pataj chaje ak refleksyon sou chanjman ki pou ta fèt nan domèn Edikasyon an Ayiti.

Dènye espas kote nou kolabore se nan Akademi Kreyòl Ayisyen. Li se yon manm fondatè. Se te yon gran satisfasyon pou m wè chimen nou chak te fè sou bò pa nou mennen nou chita nan yon enstitisyon ki la pou l defann zouti sa ki tèlman enpòtan nan idantite nou kòm pèp : lang kreyòl la.

Mari Masèl ou se yon bèl moun, yon bon moun mwen salye w, pou tout sa ou fè ak tout sa ou bay peyi a.

Pòtoprens, 18 dawout 2020

Adeline CHANCY
Akademisyen

@Kominikasyon AKA